



## Tibèkiloz (TB)

### Kisa tibèkiloz ye (TB)?

Tibèkiloz (TB) se yon maladi ki lakoz pa *Mycobacterium tuberculosis*. Bakteri a, oswa jèm yo, pwopaje de yon moun a yon lòt moun nan lè a. An jeneral, jèm TB yo afekte poumon yo, men jèm yo ka afekte nenpòt pati nan kò a, tankou zye, kolòn vêtebral, oswa vant.

### Kijan TB pwopaje?

Jèm TB yo pwopaje nan lè soti nan yon moun a yon lòt moun. Jèm yo antre nan lè a lè yon moun ki fè maladi TB nan poumon oswa nan gòj tous, estènen, pale, oswa chante. Jèm yo ka rete nan lè a pandan plizyè èdtan. Tout moun ki bò kote yon moun ki fè maladi TB a ka respire lè a epi trape jèm TB yo. Moun ki respire jèm TB yo ka vin enfekte; sa rele enfeksyon TB oswa enfeksyon TB latan (LTBI). Si li pa trete, enfeksyon TB a ka vin maladi TB.

Akoz jèm TB yo pwopaje nan lè a, moun pa ka vin enfekte lè yo bay lanmen, lè yo chita sou syèj twalèt yo, oswa lè yo pataje kouvè avèk yon moun ki fè maladi TB.

### Kisa enfeksyon TB latan ak maladi TB ye?

Se pa tout moun ki enfekte avèk jèm TB yo ki vin malad. Genyen de kondisyon ki lye ak TB, enfeksyon TB latan ak maladi TB. Genyen gwo diferans ant enfeksyon TB latan ak maladi TB.

Yon moun ki fè enfeksyon TB latan...	Yon moun ki fè maladi TB...
Genyen kèk jèm TB nan kò I. Jèm TB yo vivan, men yo inaktif.	Li genyen anpil jèm TB nan kò I. Jèm TB yo vivan, men yo aktif. Sa vle di jèm yo ap miltipliye epi y ap atake kò w.
Li pa genyen okenn sentòm epi li pa santi I malad.	Li genyen sentòm epi li kapab santi I malad. Sentòm yo kapab genyen ladan: <ul style="list-style-type: none"> <li>• yon gwo tous ki dire 3+ semèn</li> <li>• doulè nan pwatrin nan</li> <li>• ap toute san</li> <li>• feblès oswa fatig</li> <li>• pèt pwa ki pa eksplike</li> <li>• pa gen apeti</li> <li>• frison</li> <li>• lafyèv</li> <li>• transpirasyon nan lannwit.</li> </ul>
Li pa ka pwopaje jèm TB yo bay lòt moun.	Kapab pwopaje jèm TB yo bay lòt moun.
Li jeneralman fè yon tès san TB pozitif oswa tès nan po ki endike enfeksyon TB.	Li jeneralman fè yon tès san TB pozitif oswa tès nan po ki endike enfeksyon TB.
Li fè yon radyografi nan pwatrin ki nòmal ak yon fwotis pou krache ak kilti ki negatif.	Li kapab fè yon radyografi nan pwatrin ki anòmal, oswa fwotis pou krache ak kilti ki pozitif.
Li ta dwe panse ak tretman pou LTBI pou prevni maladi TB.	Li bezwen tretman pou maladi TB. Si maladi TB a rete san trete, kapab genyen maladi grav oswa lanmò.

### Ki sentòm maladi TB yo?

Sentòm maladi TB yo depann de kikote nan kò w jèm TB yo ap devlope. Jem TB yo jeneralman devlope nan poumon yo. Maladi TB nan poumon yo kapab lakoz sentòm tankou:

- yon gwo tous ki dire twa semèn oswa plis
- doulè nan pwatrin nan
- ap toute san.

**Biwo Epidemiyoloji pou Maladi Kontajye  
Nimewo Kontak Dijans 24/7: 1-888-295-5156**

Revize: 06/2022

Paj 1 nan 2



Lòt sentòm maladi TB yo se:

- feblès oswa fatig
- pèt pwa ki pa eksplike
- pa gen apeti
- frison
- lafyèv
- transpirasyon nan lannwit.

Moun ki fè enfeksyon TB latan yo pa genyen okenn sentòm.

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen te pase tan avèk yon moun ki te genyen jèm TB yo?

Sa pou fè a depann de si moun ou te pase tan avèk li a te fè maladi TB a oswea enfeksyon TB latan an.

Moun mwen te pase avèk li a te fè <b>enfeksyon TB latan an (jèm TB ki inaktif)</b> ...	Moun mwen te pase tan avèk li a te fè <b>maladi TB (jèm TB ki aktif)</b> ...
Ou pa bezwen fè anyen. Moun ki fè enfeksyon TB latan yo pa ka pwopajé jèm TB yo bay lòt moun.	DPH oswa doktè ou an ka konseye w fason pou pi byen pwoteje sante w ak sante moun ki bò kote w yo. Si ou panse ou te ekspoze ak jèm TB yo, kontakte DPH oswa doktè ou an.

## Kijan mwen ka fè tès pou TB?

Genyen de tès ki ka ede di si ou te enfekte avèk jèm TB yo: yon tès san pou TB oswa yon tès pou po. DPH oswa doktè ou an pral chwazi ki tès pou itilize. Tès ki itilize a depann de faktè tankou laj, antesedan medikal, ak lòt faktè moun ki bezwen tès la.

- Tès **san pou TB a** itilize yon prelèvman san pou wè si ou genyen jèm TB yo nan kò w. Tès san an mezire fason sistèm defans ou reyaji ak jèm TB yo. Ou sèlman bezwen yon vizit pou tès sa a. Rezulta yo jeneralman disponib nan twa jiska kat jou. Epitou yo rele tès san yo Interferon Gamma Release Assays (IGRA).
- Tès **po pou TB a** kapab itilize tou pou detèrmine si ou enfekte avèk bakteri TB a. Tès po a pran de vizit. Aprè premye vizit la, yon travayè swen sante enjekte yon ti kantite likid tès la, ki rele tuberculin, nan po a nan pati enferyè bra w. Dezyèm vizit la fèt nan de oswa twa jou aprè premye vizit la. Nan dezyèm vizit la, yon travayè swen sante pral chèche yon reyakson nan bra w. Epitou tès po pou TB yo rele tès po tuberculin (TST).

Yon tès san oswa yon tès po ki pozitif jeneralman vle di ke ou genyen jèm TB yo nan kò w. Lòt tès kapab nesesè pou di si ou fè maladi TB, tankou yon gradyografi nan pwatin oswa yon tès krache nan laboratwa.

## Kijan yo trete enfeksyon TB latan ak maladi TB?

Genyen medikaman ki touye jèm TB yo. Si ou genyen enfeksyon TB latan, lè ou pran medikaman an sa ap ede anpeche w trape maladi TB a. Kapab genyen anpil opsyon pou trete enfeksyon TB latan. An jeneral, tretman pou enfeksyon TB latan an pa pran menm kantite tan ak tretman pou maladi TB a. Si ou fè maladi TB a, ou bezwen pran plizyè medikaman pandan anpil mwa. Sa se paske genyen anpil jèm TB pou touye. Si ou pran medikaman an jan doktè oswa enfimyè ou an di a, li ta dwe touye tout jèm TB yo. Ou ka tonbe malad ankò si ou pa pran medikaman an jan yo endike a.

## Èske ou genyen plis kesyon?

Vizite <https://www.cdc.gov/tb/publications/faqs/default.htm> si ou genyen plis kesyon sou TB.